# APLIKASYON POU ENSKRI POU ANE LEKOL 2019-2020 AN

**Boston Green Academy Vle ou!**
Nan moman sa a n ap asepte aplikasyon pou ane lekòl 2019-2020 an. N ap enskri yon nouvo klas 6yèm ane ansanm ak nouvo elèv nan klas 7yèm jiska 11yèm ane, jiskaske plas yo ranpli. Lekòl **Boston Green Academy se yon Lekòl Piblik Boston ki disponib pou tout elèv ki abite nan vil Boston.**
**Kòman pou aplike:**

1) Aplike sou entènèt, sou sit: www.bostongreenacademy.org/enrollment-process oubyen ranpli fòmilè sa a.
2) Plas yo limite. Aplike toutsuit! **Dat limit aplikasyon an se vandredi, 15 fevriye, 2019, a 4:00 nan apre midi.** Lotri nou an ap pran plas 27 fevriye, 2019 a 4:00 nan apre midi nan bibliyotèk nou an ki sitye nan lekòl Boston Green Academy an. **Apre premye dat limit la, n ap asepte elèv anplis jiskaske plas yo ranpli- n ap kontan pou n resevwa aplikasyon pandan tout ane a!**
3) Remèt aplikasyon ranpli a swa:

| | |
|---|---|
| **Pa faks** nan nimewo: | (617) 635-9858 |
| **Pa lapòs** oswa **an pèsòn**: | Boston Green Academy<br>20 Warren Street<br>Brighton, MA 02135 |
| **Pa imel** nan: | enroll@bostongreenacademy.org |

*Si w gen plis kesyon, tanpri rele nou nan telefòn:* ***(617) 635-9860 (Biwo Direksyon an)*** ***(857) 891-1742 (Kowòdinatè Enskripsyon an)***

**Lekòl nou an ofri:**

- Preparasyon pou inivèsite ak pou travay, espesyalman karyè nan sa yo rele travay vèt (ki vle di : travay ki anrapò ak anviwònman natirèl la)
- Jounen lekòl pwolonje, kou Plasman Avanse, atizay, pwogram spò okonplè, teknoloji, konsèy sou inivèsite
- Plis pase 40 patenarya, pami yo: Big Brothers/Big Sisters, City Year, Boston University, Boston Debate League, Boston Scholar Athletes, ak plis toujou
- Egzijans djanm pou elèv yo ka gradye ki depase egzijans Lekòl Piblik Boston yo
- Anviwònman aprantisaj senesof ki soutni aprantisaj, ansanm ak pèsonèl ki devwe
- Sipò sosyal ak sipò akademik ki solid
- Yon devouman anvè fanmi ak elèv, kèlkeswa orijin yo- nou akeyi tout moun nan BGA!

**Tanpri konsilte sit entènèt nou an:**
www.bostongreenacademy.org

## ENFÒMASYON NESESÈ:

**Enfòmasyon elèv la** **Dat:**____________________ **No. Idantifikasyon BPS:**___________________

Non elèv la: ________________________________________________________________
*Prenon* *Dezyèm non* *Siyati*

Adrès elèv la: ______________________________________________________________
*Nimewo ak non lari a* *Vil la* *Eta a* *Kòd Zip La*

Ane klas pitit ou an ap aplike pou li an pou ane lekòl 2019-2020 an: ⑨ 6yèm ⑨ 7yèm ⑨ 8yèm ⑨ 9yèm ⑨ 10yèm ⑨ 11yèm

Dat nesans: __________/______/_____________ Lekòl aktyèl**:** ______________________________
*Mwa* *Jou* *Ane*

### Enfòmasyon sou fanmi an

Paran/Responsab #1 Non: ___________________________________ Relasyon parapò a elèv la: _______________
*Prenon* *Siyati*

Telefòn: (____) ____________________ (____) _______________ Imel: _____________________________________
*Lakay* *Pòtab/Selilè*

## ENFÒMASYON OPSYONÈL:

Paran/Responsab #2 Non: ___________________________________ Relasyon parapò a elèv la: _______________
*Prenon* *Siyati*

Telefòn: (____) ____________________ (____) _______________ Imel: _____________________________________
*Lakay* *Pòtab/Selilè*

Sèks elèv la: ⑨ Femèl ⑨ Mal ⑨ Ni youn, ni lòt Lang ki pale nan kay la: ____________________

Èske w genyen yon frè/sè ki enskri nan Boston Green Academy nan moman sa a?________________________________________
*Prenon* *Siyati*

**KONTAK:** Si w genyen okenn kesyon, tanpri kontakte Kowòdinatè Enskripsyon nou an nan 857-891-1742 oswa nan imel: enroll@bostongreenacademy.org

**For Office Use Only** (Pou Biwo a):
Date Received: _______________
Received by: _________________

*Boston Green Academy (BGA) pa diskrimine selon ras, koulè, orijin nasyonal, relijyon oswa kwayans, sèks, idantite sèksyèl, etnisite, oryantasyon seksyèl, andikap mantal oswa fizik, laj, liye zansèt, pèfòmans espò, bezwen espesyal, konpetans nan lang anglè oswa lang etranje, osinon ansyen akonplisman akademik. Nou pa genyen entansyon pou n sèvi ak okenn enfòmasyon nan aplikasyon sa a, pa egzanp: lang ki pale nan kay la, osinon ras/etnisite, pou n diskrimine kont kandida a, ni nou p ap sèvi avè yo pou sa. N ap detri dokiman sa a de (2) an apre dat lotri a. Kandida nou pa admèt yo genyen dwa sa a pou yo resevwa yon kopi dokiman yo pou yo detri yo. Kontakte BGA pou plis detay.*